

7

**TOUNEN
NAN
KONSÈY
LEKÒL LA**

Pou paran yo

Byen Kòmanse Ane An

*Adapte epi re-enprime avèk pèmisyon Sant Paran PEAK la

1. Fè Alyans

Granmoun yo di, "Gen fòs nan chif yo," se toujou yon verite jodi a. Si defi yo souleve pandan ane lekòl lan, li enpòtan pou w konnen ou genyen lòt moun ou kapab ale kote yo. Kounye a, se moman pou nouri alyans avèk pwofesè, manm pèsònèl sipò, paran yo, elèv yo avèk lòt moun ki gen enpak sou ou menm avèk pitit ou a. Rele oswa voye yon remèsiman bay moun ki bay "pwèn pètinan" pandan ane anvan an. Di kòman ou apresye patisipasyon yo epi kòman w ap tann sipò yo pi devan. Kontakte lòt moun ou ta renmen ki la pami sipòtè ou yo nan lane k ap vini an epi kite yo konnen enpak enpòtan yo kapab genyen nan lavi ou. Asire w ou ofri sipò ou bay lòt moun an retou.

2. Gade nan IEP pitit ou an

Anpil fwa, yo te ekri Plan Edikasyon Endividyèl (Individual Educational Plans, IEP) yo pandan ane lekòl ki te pase an. Alò, nouvo pwofesè pitit ou a kapab pa konnen ki objektif aprantisaj ki an priyorite pou ane k ap vini an. Anvan lekòl kòmanse, li nan IEP a pou rafrech pou wòp memwa ou. Pale sou objektif pou aprantisaj yo avèk pitit ou a, sitou sa yo ki ase gran pou yo defann tèt yo. Apresa, rasire w chak pwofesè sal klas k ap travay avèk pitit ou a gen yon kopi epi li konprann entansyon IEP a. Sa ki bay yon IEP jarèt se lè paran yo ak pwofesè yo konprann li epi yo aji pou mete li ann aplikasyon.

3. Kreve yon Pòtfolyo "Kisa ki Mache"

Tout paran yo ta dwe konsidere pou yo kreve yon pòtfolyo ki rele "Kisa ki Mache". Yo kapab sèvi li pou fè tranzisyon pitit ou a ale pi byen chak nouvo ane lekòl. Pòtfolyo a ta dwe gen deskripsyon pozitif pitit ou an ladan. Mete yon pwofil ki dekri pwèn fò pitit ou a, enterè li yo, aktivite li renmen, avèk priyorite pou aprantisaj li pou ane a. Mete konsèy sou asistans fizik oswa kominikasyon avèk pitit ou an si sa yo se bezwen li genyen. Dekri sipò pou konpòtman ki mache byen oswa fason pou ranje sitiyasyon pou evite pwoblèm konpòtman yo. Fè yon lis travay, wòl, avèk responsablite pou asistan pwofesè a, si li aplikab. Dekri aranjman nan sal klas la ki ede sipòtè pitit ou a, pa egzanp bezwen li pou chita avèk pozisyonman, tolerans nivo bri, nivo konfò klima, elatriye. Mete echantyon nan travay pitit ou a epi dekri nenpòt akomodasyon oswa modifikasyon ki te fèt nan devwa orijinal lan. Pataje non elèv ki zanmi avèk pitit ou a epi bay konsèy sou fason pou fasilite koneksyon avèk lòt elèv. Finalman, ajoute yon foto oswa yon videyo kout ki montre pitit ou a k ap patisipe avèk lòt elèv yo epi yo sipòtè li avèk siksès li nan sal klas la.

4. Mande yon Reyinyon

Rele pwofesè pitit ou a epi mande yon reyinyon pou bay limyè ak pataje enfòmasyon sou pitit ou a. Sa a se chans ou pou kòmanse devlope yon relasyon pozitif avèk pwofesè pitit ou a epi etabli tèt ou kòm yon manm ekip aktif nan edikasyon pitit ou a. Sa se yon bon moman pou egzaminen IEP pitit ou a avèk pòtfolyo "Kisa ki Mache". Pifò pwofesè ap apresye patisipasyon ou avèk konesans ou kapab pataje sou fason pitit ou a aprann pi byen. Konsidere premye reyinyon sa a kòm yon opòtinite pou fè "maketin" pou pitit ou a. Fini reyinyon an avèk plan pou kominike avèk pwofesè a. Èske ou pral fè kontak chak jou, chak semèn, oswa sèlman lè nou bezwen? Èske w ap kominike avèk nòt, telefòn, imèl, oswa an pèsòn? Lè nou etabli abitud sa a, li ranfòse enplikasyon w.

5. Vizite sal klas la

Lè ou yon prezantasyon bay kamarad klas pitit ou a, sa kapab yon bon fason pou kòmanse devlope koneksyon pozitif ant lòt elèv yo avèk pitit ou a. Asire wi ou prezante pitit ou tankou "vedèt" prezantasyon an. Konsidere pandan w ap kòmanse avèk yon istwa ki amizan, edikatif, avèk epi ki ankouraje yon konvèsasyon. Gen anpil liv ki pale sou diferans oswa andikap nan yon fason pozitif. Kèk egzanj pou timoun ki gen laj lekòl elemantè yo mete A Bad Case of Stripes (Yon Move Ka Rèl), Different Just Like Me (Diferan Menmjan ak Mwen), ak Special People (Moun ki Espesyal), Special Ways (Fason ki Espesyal). Eksplike kijan fanmi ou konsidere andikap pitit ou an oswa kisa ki fè pitit ou an inik. Reponn kesyon yo onètman epi pale nenpòt sa ki enkyete w. Èske li kapab jwe avè m? Èske m ap fè li mal? Kouman pou mwen pale avèk li? elatriye Timoun yo se asistan natirèl k ap ede kidonk di yo ki sa yo kapab fè pou yo vin yon zanmi ak sipòte pitit ou an. Finalman, raple yo nou tout plis sanble pase nou diferan.

6. Rete Enplike

Aprè w fin aplike baz la, ou kapab ede pou garanti siksè pitit ou an lè ou patisipe nan zafè lekòl la pandan tout ane a. Konsidere patisipe nan PTA oswa Komite Konsèy Lekòl la, pote tèt ou volontè nan sal klas la, pandan w ap ede nan sal manje midi an oswa nan bibliyotèk, oswa ede pou evènman espesyal yo. Plis ou pi aktif, plis ou kapab genyen enpak sou lekòl pitit ou a, sou moun ki travay la, avèk edikasyon pitit ou a ap resevwa.

7. Kontinye Pwòp Edikasyon Ou

Paske ou se alye ki pi enpòtan pou pitit ou a, li esansyèl pou ou devlope konpetans pou ede pitit ou an kreye yon lavi ki rich epi ki gen anpil sans. Petèt ou ta renmen aprann plis sou fason ou kapab sipòte bezwen devlopmantral avèk edikatif pitit ou an, kijan pou ekri epi aplike yon bon IEP, oswa kijan pou defann pitit ou an.

Rezo Entegrasyon Florida (Florida Inclusion Network) bay plizyè kalite resous pou ede paran yo pou ogmante konesans yo avèk kapasite yo sou kesyon Pòtfolyo FACT Fanmi nou yo, atelye/fòmasyon, liv avèk videyo sou yon latriye sijè.

Pou konnen kòman pou w kontakte Fasilitatè FIN ou a rele 1-888-232-0421 oswa vizite sit entènèt FIN la nan www.FloridaInclusionNetwork.com.

